

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kaparigelan basa nyoko kana opat aspék nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Ieu opat kaparigelan basa téh mangrupa wengkuan pangajaran basa Sunda anu kudu diajarkeun di sakola kalayan saimbang. Salah sahiji tina opat aspék éta nya éta nulis, nulis mangrupa kamampuh ngagunakeun basa dina wangun tinulis, pikeun nepikeun gagasan, eusi pikiran, kahayang atawa kereteg haté. Hal anu kacida pentingna dina nulis nya éta jalma bisa mekarkeun kamampuh uteukna, lantaran saméméh nulis pasti aya hiji hal anu dipikirkeun nu tuluy di tepikeun ngaliwatan tulisan. Nulis bisa ngalatih daya *kréativitas*, mekarkeun idé-idé jeung poténsi uteuk, hususna pikeun barudak sakola nu keur diajar. Ku kituna siswa bisa ngedalkeun eusi pikiran atawa haté, sangkan hal nu teu bisa diucapkeun ngaliwatan omongan bisa dikedalkeun ngaliwatan tulisan.

Numutkeun Sudaryat, Spk. (2007: 71) sawatara faktor anu mangaruhan kana kamampuh nulis nya éta latihan, maca, jeung faktor psikologis. Latihan mangrupa faktor penting pikeun ngasah kamampuh nulis, lantaran bisa ngalatih ngamalirkeun idé atawa gagasan. Maca mangrupa faktor kadua pikeun ngarojong kana kamampuh nulis, lantaran ku lobana maca buku pangalaman anu kacangking ogé leuwih jembar, nu antukna bisa ngababarikeun dina nulis.

Dumasar kana KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) Mata Pelajaran Basa Sunda salian ti ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis, siswa ogé

dipiharep boga kamampuh dina maham eusi matéri nu ditepikeun. Siswa lain ngan saukur narima, tapi ogé bisa leuwih aktip dina pangajaran séjénna sarta bisa leuwih maha kana praktékna.

Dumasar kana Program Pengalaman Lapangan (PPL) di SMP PASUNDAN 4 Bandung, aya sawatara faktor nu ngalantarankeun pangajaran nulis sajak dianggap hésé, di antarana cara nepikeun matéri nu dianggap *monoton*, kurang ngirut minat siswa sarta métode ngajar nu dipaké kurang *variatif*, anu antukna siswa teu minat kana ieu matéri.

Modél *Mind Mapping* nya éta téhnik nempatkeun informasi ka jero uteuk anu tuluy diébréhkeun tina éta uteuk ngaliwatan tulisan. Wangun *Mind Mapping* sarupa jiga peta jalan di kota nu ngabogaan loba cagak. Ngaliwatan téhnik ieu siswa dipihareup bisa nyieun sawangan sacara jembar ngeunaan poko masalah dina hiji aréa nu lega. Dina téhnik *Mind Mapping* ogé siswa bisa nyieun hiji rute nu paling téréh jeung tepat. Ku kituna panyusun ngabogaan rasa kapanasaran kumaha lamun ieu téhnik dipaké dina pangajaran nulis sajak, lantaran modél *Mind Mapping* can aya nu kungsi maké kana ieu pangajaran.

Alesan panalungtik milih téhnik *Mind Mapping* salah sahijina nya éta téhnik ieu bisa mantuan siswa dina ngagunakeun sakabéh poténsi uteuk sangkan optimum, carana ngagabungkeun gawé uteuk kénca jeung katuhu. Ieu hal luyu jeung pamadegan Buzan (2006: 6) anu nétélakeun yén ngaliwatan modél *Mind Mapping* siswa bisa ngaronjatkeun daya inget nepi ka 78%. Sawatara kaunggulan téhnik *Mind Mapping* nyaéta (a) carana gancang, (b) téhnik bisa digunakeun pikeun ngaorganisasikeun ide-ide nu aya dina uteuk, (c) prosés ngagambar

diagram bisa ngamunculkeun ide-ide nu séjén, (d) diagram nu geus kabentuk bisa jadi panduan pikeun nulis.

Luyu jeung kasang tukang di luhur, panalungtikan “Modél *Mind Mapping* dina Pangajaran Nulis Sajak” di SMP Pasundan 4 Kota Bandung perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditétélakeun di luhur, katitén yén nulis sajak para murid kurang nyugemakeun. Ku lantaran kitu dina ieu panalungtikan diwatesanan medar kumaha modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak, utamana dina nuliskeun suasana, téma, gaya basa jeung diksi nu aya dina sajak.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMP Pasundan 4 kota Bandung Taun Ajaran 2011/2012 saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping*?
- b. Kumaha kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMP Pasundan 4 kota Bandung Taun Ajaran 2011/2012 sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*?

- c. Naha aya ningkatna kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMP Pasundan 4 kota Bandung Taun Ajaran 2011/2012 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*?
- d. Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada nulis sajak ngagunakeun modél *Mind Mapping*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan dina hakékatna miboga tujuan. Saluyu jeung kasang tukang masalah anu geus diébréhkeun diluhur, tujuan tina ieu panalungtikan diantarana nya éta:

1) Tujuan Umum

Sacara umum panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun nalungtik kumaha modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak.

2) Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadeskripsikan

- a. Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMP Pasundan 4 kota Bandung Taun Ajaran 2011/2012 saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping*?
- b. Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII SMP Pasundan 4 kota Bandung Taun Ajaran 2011/2012 sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*?
- c. Ningkatna kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMP Pasundan 4 kota Bandung Taun Ajaran 2011/2012 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*?

- d. Béda nu signifikan antara kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada nulis sajak ngagunakeun modél *Mind Mapping*?

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa méré sumbangan pikeun sistem pendidikan utamana dina milih modél pangajaran anu cocog tur dipikaresep ku siswa nu antukna nambahan motivasi siswa dina diajar.

1.4.2 Mangpaat Praktis

a. Pikeun Guru

Pikeun guru, hususna guru basa Sunda dipiharep bisa nambahan pangaweruh dina milih modél pangajaran nu dipikaresep ku siswa sarta bisa ngarojong motivasi siswa dina diajar, utamana dina pangajaran basa Sunda.

b. Pikeun Siswa

Siswa bisa paham yén sarana nulis bisa ningkatkeun pamahaman ngeunaan hiji hal, ogé bisa ningkatkeun pangaweruh anu aya di diri manéhna.

c. Nu Nalungtik

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikanyaho kamampuh siswa dina kagiatan maca saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

d. Nu Maca

Pikeun nu maca, hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh hususna dina milih-milih modél pangajaran anu cocog keur siswa.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar atawa asumsi dasar mangrupa pamadegan anu kuat, henteu kudu ditanyakeun deui bebeneranana sarta digunakeun pikeun patokan dina panalungtikan. Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan di handap nya éta:

- 1) Nulis mangrupa salah sahiji tina opat aspék kaparigelan basa anu kudu diajarkeun di unggal sakola.
- 2) Pangajaran nulis kaunggel dina pedoman SKKD Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda.
- 3) Modél *Mind Mapping* mangrupa salah sahiji modél nu bisa digunakeun dina pangajaran.

1.6 Metode jeung Teknik Panalungtikan

1.6.1 Metode Panalungtikan

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta kuasi ékspérimén. Métode ieu digunakeun pikeun nguji kumaha modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII SMP PASUNDAN 4 kota Bandung.

1.6.2 Teknik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data dilaksanakeun sababaraha cara, nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh nulis sajak siswa. Jenis tés anu digunakeun nyaéta tés nulis sajak, ieu tés dilaksanakeun dua kali nyaéta

prétés jeung postés. Prétés dilakukeun saméméh dilaksanakeun perlakuan (uji coba) modél *Mind Mapping*. Tujuanana pikeun ngukur kamampuh siswa. Sedengkeun postés dilakukeun sabada modél *mi Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak dilarapkeun. Tina babandingan hasil prétés jeung postés bakal katitén kumaha modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak siswa kelas VII D SMP PASUNDAN 4 kota Bandung.

1.7 Raraga Tulisan

Eusi ieu skripsi kabéhanana ngawengku lima bab, anu di jerona ngébrehkeun ngeunaan penjelasan-penjelasan anu sistematis dumasar kana maksud judul bab anu didadarkeun. Dina bab 1 dipedar kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, métode jeung téhnik panalungtikan, raraga tulisan. Dina bab 2 modél pangajaran, modél *Mind Mapping*, wangenan *Mind Mapping*, léngkah-léngkah *Mind Mapping*, kahéngkérangan *Mind Mapping*, kaonjoyan *Mind Mapping*, nulis, wangenan sajak, modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sajak, hipotésis. Dina bab 3 desain panalungtikan, variabel jeung wangenan operasional, sumber data, téhnik panalungtikan. Dina bab 4 dipedar ngeunaan kamampuh nulis sajak saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*, uji sifat data, uji gain, jeung uji hipotésis. Satuluyna, dina bab 5 dipedar ngeunaan kacindekan jeung saran.